



PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL
AYISYEN-AYITI

Maladi Dyare

LIV PATISIPAN

Yon modil nan pwogram fòmasyon
pou Ajan Kore Fanmi





COPYRIGHT POLICY

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Manyèl sa a gen ladan l yonn nan modil fòmasyon yo k ap sèvi nan pwojè pilòt *Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP)* an Ayiti. IACP a se yon zefò Partners In Health / Zanmi Lasante nan tèt kole ak Gouvènman Ayisyen, Bank Mondyal la, UNICEF, Pwogram Alimantè Mondyal, World Vision, ak Save the Children, ki gen pou objektif amelyore jan pou moun jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal ki pi ijan pou fanmi ayisyen, espesyalman sa ki pi frajil yo.

Fòmasyon an pral pèmèt Ajan Kore Fanmi yo fè travay yo byen epi pran responsablite tout bon: 1) edike fanmi yo sou nitrisyon ak sante; 2) bay fanmi yo pwovizyon ak sèvis esansyèl; ak 3) ranfòse sistèm rekòmandasyon pou amelyore jan pou moun jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal pou fanmi yo.

Materyèl fòmasyon sa a devlope nan kolaborasyon ant tout patnè pwojè a. Se Bank Mondyal, UNICEF, ak Pwogram Alimantè Mondyal ki finanse inisyativ IACP sa a.

Fòmasyon sa a gen ladan l enfòmasyon ki soti nan: *The Universal Declaration of Human Rights*, (source www.un.org/en/documents); *Human Rights Approach to Development Programming*, Urban Jonsson, UNICEF, 2003; *At Risk: Natural hazards, People's Vulnerability, and Disasters*, Piers Blaikie, Terry Cannon, Ian Davis, ak Ben Wisner, (London, UK: Routledge, 1994); ak *Participatory Vulnerability Analysis: A Step-by-Step Guide for Field Staff* (London, UK: ActionAid International, 2000).

© Tèks: Partners In Health, 2011.

© Imaj ak Desen: Jesse Hamm, 2011.

Foto: Partners In Health/Zanmi Lasante, Elizabeth Whelan

Konsiltan deyò pou tèks: Bonnie Kittle

Konsepsyon: Mechanica, Ayanna Ashley Doiron ak Partners In Health

Edisyon pilòt nan lang Kreyòl pibliye nan mwa Novanm 2011

Atansyon : Manyèl sa pa vèsyon final. Enfòmasyon ki andan manyèl sa ap tann apwobasyon MSPP.

Liv sa a fèt pou bay ochan pou plizyè milye Ajan Sante k ap fè efò san pran souf pou fè misyon nou an vin yon reyalyte, epitou ki se poto-mitan pwogram nou yo pou sove lavi moun ak pou amelyore kondisyon lavi moun nan kominote ki pòv yo. Chak jou, yo vizite manm kominote yo pou ofri yo sèvis, edikasyon, ak sipò, epitou yo montre nou tout kijan solidarite efikas se pi bon remèd pou epidemi maladi, povrete ak dezespwa.



Sa ki nan Liv la

Kontèks.....	1
Objektif yo	3
Pati Enpòtan yo	4
Entwodiksyon sou Dyare.....	6
Lave Men	11
Dezidratasyon	20
Tretmen Dezidratasyon	21
Evalyasyon pou Dezidratasyon ak Chòk	38
Fè Edikasyon kominote a sou Dyare ak Dezydratasyon	44
Lis sou zafè Dyare	45
Kesyon sou Sewòm Oral, Foto pou Evalye Dezydratasyon, epi Pyès Teyat	54
Nòt	65
Fòm Evalyasyon.....	66



Maladi Dyare



KONTÈKS

Dyare se yon poupou ki mou oubyen ki dlo. Le yon moun gen dyare yo fè poupou 3 fwa ou pi plis nan yon jounen. Se mikwòb oubyen vè ki sot nan poupou moun ki lakòz sa. Moun gen dyare lè yo gen move liyèn epi yo vale mikwòb oubyen vè, tankou, lè men yo gen mikwòb oubyen vè, epi yo prepare manje oubyen yo manje san yo pa lave men yo anvan. Moun kapab gen dyare tou nan manje manje oubyen bwe dlo ki kontamine ak mikwòb oubyen vè. Gen de lè, dyare konn kapab sentòm yon lòt maladi, tankou epatit (fwa anfle). Kèk mikwòb ki lakoz dyare se bakteri, parazit, vibrio cholerae, elatriye.

Anpil fwa, granmoun ki an sante ki gen dyare vin miyò apre 2 ou 3 jou san yo pa pran medikaman. Men, dyare danjre anpil pou tibebe, timoun, ak grannoun ki pa byen manje paske li ka lakòz dezidratasyon. Tibebe, timoun, ak granmoun ki pa byen manje kapab dezidrate gravman rapid-rapid. Si yo pa jwenn tretman, yo kapab mouri ak dezidratasyon.

Maladi dyare touye anviwon 3 milyon timoun ki poko gen 5 lane nan lemond antye chak ane. Sou chak 100 timoun ki mouri, 60 ladan yo se dezidratasyon ki tiye yo. Ann Ayiti, pami timoun ki gen pi piti pase 5 lane, gen 7 sou chak 100 ka lanmo, ki mouri ak dyare.¹ Dyare se youn nan pi gwo koz maladi ak lanmo lakay timoun.

Moun kapab pran prekosyon pou yo pa gen dyare oubyen pou yo pa pase mikwòb ki lakòz dyare a bay lòt moun, lè yo lave men yo ak dlo pwòp ak savon apre yo fin poupou, netwaye yon tibebe, oubyen pran swen yon moun ki gen dyare, epitou anvan yo manje oubyen prepare manje; lè yo bwè oubyen fè manje ak dlo pwòp; epi lè yo itilize latrin pou yo pa kontamine kote yo pran dlo yo. Manman yo kapab ede pran prekosyon pou tibebe yo pa pran dyare si yo bay tibebe yo tete

1 World Health Organization (WHO). Haiti Health Profile: 2010. Accessible online: <http://www.who.int/gho/countries/hti.pdf>

sèlman, pandan 6 premye mwa lavi tibebe yo, olye yo ba yo lèt bebe, ki kapab gen dlo ki kontamine, oubyen bibwon ki pa byen lave. Moun ka pran prekosyon epi trete dezidratasyon ak Sewòm Oral.

Nan modil sa a, Ajan Kore Fanmi yo ap aprann kijan pou yo evalye epi refere ka dyare, ak kijan pou edike manm kominote yo pou yo pran prekosyon pou yo pa gen dyare paske sa mennen dezidratasyon lakay moun. Konsa Ajan Kore Fanmi yo ap ede moun nan kominote a gen bon sante ak byennèt.

Mikwòb kolera lakòz dyare ki grav. Moun ki gen kolera kapab dezidrate anpil epi mouri nan yon ti moman si yo pa jwenn tretman. Gen enfòmasyon ki pi nesesè sou sentòm ak tretman kolera nan modil sa a. Gen enfòmasyon espesyal epi ki detaye sou kijan pou pran prekosyon ak pou trete kolera nan yon lòt modil fòmasyon.



OBJEKTIF YO

Nan fen modil sa a, patisipan yo ap kapab:

- a. Defini dyare ki senp ak dyare ki grav (kisa li ye).
- b. Dekri kisa ki lakoz dyare ak danje ki gen nan dyare.
- c. Eksplike kijan pou trete dezydratasyon ak pran prekosyon pou pa pran dyare.
- d. Site kèk tabou ki genyen sou sa ki lakòz dyare, danje ki gen nan dyare, tretman pou dezydratasyon ak prekosyon pou pran pou pa gen dyare.
- e. Demontre kijan pou byen lave men ak pran prekosyon pou pa pran mikwòb ki lakòz dyare.
- f. Dekri kijan dyare lakòz dezidratasyon.
- g. Montre kijan pou fè yon sewòm oral.
- h. Demontre kijan pou itilize sewòm oral la pou trete dezidratasyon kay tibebe, timoun, ak granmoun.
- i. Idantifye lòt likid ki kapab itilize pou trete dezidratasyon.
- j. Site sentòm kolera.
- k. Eksplike kisa pou fè si yon moun gen sentòm kolera.
- l. Rekonèt siy ak sentòm grav dezidratasyon lakay tibebe, timoun, ak granmoun, epi dekri kisa Ajans Kore Fanmi dwe fè pou yon tibebe oubyen pou yon granmoun ki dezidrate gravman.
- m. Analize kilè pou refere yon moun ki gen dyare nan yon sant sante touswit.
- n. Eksplike kijan pou edike fanmi yo pou yo pran prekosyon pou yo pa gen dyare, pou yo pa dezidrate; nan lave men yo, prepare ak bay sewòm oral la, epi si gen bezwen menmen moun nan nan sant sante oubyen Sant Tretman Kolera touswit.



PATI ENPÒTAN YO

- Se mikwòb oubyen vè nan poupou moun ki lakòz dyare. Moun nan pran mikwòb oubyen vè a nan manyen bouch yo ak men sal, nan manje manje ki te prepare ak men sal oubyen men yo te pran nan poupou, oubyen nan bwè dlo ki te kontamine ak poupou.
- Moun kapab pran prekosyon pou pa gen dyare si yo byen lave men yo ak dlo pwòp epi savon lè yo fin poupou, netwaye yon tibebe, oubyen pran swen yon moun ki gen dyare, epi anvan yo manje oubyen prepare manje; bwè dlo pwòp oubyen fè manje ak dlo pwòp; itilize latrin; epi bay tibebe tete sèlman nan 6 premye mwa nan lavi tibebe yo, olye yo bay tibebe yo lèt nan bwat.
- Youn nan travay ki pi enpòtan Ajan Kore Fanmi yo, se ede moun pran prekosyon pou yo pa gen dyare nan aprann epi pratike bon konpòtman ijyèn nan lave men, itilize dlo pwòp, ak bay tibebe tete sèlman, elatriye.
- Dyare senp se poupou mou oubyen poupou dlo pou piti 3 fwa nan yon jounen. Dyare senp kapab trete lakay.
- Dyare grav se poupou mou oubyen poupou dlo, ki vini ak san oubyen glè, pou pi piti, pandan 3 fwa nan yon jounen, oubyen ki mache ak vomisman oubyen lafyèv.
- Dyare a grav paske moun nan pedi anpil dlo ak yon seri vitamin ki bon pou kò a. Dezidratasyon kapab touye tibebe ak timoun byen vit.
- Yo fèt pou mennen tout tibebe ki poko gen 2 mwa ki gen nenpòt ki dyare nan sant sante a touswit.
- Nenpòt moun ki gen dyare grav dwe ale nan sant sante a touswit. Dyare grav pa ka trete lakay.
- Anpil ka dyare kapab trete si yo bay moun nan yon sewòm oral pou pran pou l pa dezidrate epi ranplase likid ak eleman nan manje yo, lèfini bay moun nan manje ki pa gen grès men ki bay fòs.



PATI ENPÒTAN YO

Swit

- Yo kapab fè sewòm oral ak sachè sewòm oral (1 sache + 1 lit dlo pwòp), oubyen yon resèt lakay (3 ti kiyè sik + $\frac{1}{2}$ ti kiyè sèl + 1 lit dlo pwòp).
- Sachè sewòm oral yo disponib epi yo gratis nan sant sante a.
- Anpil fwa remèd dyare konn pa efikas epi, gen de fwa, yo konn danjre.
- Siy ak sentòm dezidratasyon grav lakay tibebe ak timoun piti se lè yo pa pipi oubyen pipi a jòn fonse; bouch yo ak lang yo sèk; je yo plen dlo oubyen dlo pa koule nan je yo oubyen yo fon; po yo plise; po yo frèt oubyen y ap bay dlo; yo respire vit; epi po yo kite mak lè yo penchen yo.
- Nenpòt timoun ki gen dezidratasyon grav fèt pou ale nan sant sante a touswit.
- Dyare ki tankou dlo diri epi vomisman klè se sentòm kolera. Yo fèt pou bay nenpòt moun ki gen sentòm kolera sewòm oral epi mennen yo nan Sant Tretman Kolera touswit.

Entwodiksyon sou Dyare

Dyare se yon maladi ou jwenn anpil nan plizyè kominote nou yo. Anpil nan ka dyare yo pa grav, men gen ka dyare ki danjre anpil pou tibebe, timoun epi menm pou granmoun. Si yo pa jwenn tretman, tibebe, timoun epi menm granmoun, yo ka mouri rapid ak dyare a.

Se responsablite ou pou edike fanmi yo kouman pou yo trete epi prevni dyare ak dezydratasyon dyare a ka koze. Nan modil sa a, ou pral aprann tout enfòmasyon ou bezwen pou ka ranpli responsablite sa a.

Divès kalite Dyare

Dyare Senp: Se pou pou mou oswa dlo pou pi pti 3 fwa nan yon jounen.

Dyare ki Grav: Se pou pou mou oswa dlo, pou pi piti 3 fwa nan yon jounen avèk san oswa glè nan pou pou a, oswa tou ki vini avèk vomisman oswa lafyèv.

Dyare Bridsoukou: Pou pou mòl ou dlo 3 fwa nan yon jounen pou pi piti ki dire ant 3 ak 4 jou, yo rele sa dyare aigue tou.

Dyare Persistent: Pou pou mòl ou dlo 3 fwa nan yon jounen pou pi piti ki dire pi lontan, sa ka dire plis pase 2 semèn.

Koz Dyare

- Se mikwòb oswa vè nan pou pou, moun vale lè yo manje oswa prepare manje san yo pa lave men yo.
- Kèk malady tankou: malnitrisyon, vè, woujòl, polyo, tifoyid, epatit A, kolera.
- Bwè dlo ki kontamine ak pou pou oswa pousyè.
- Prepare lèt pou tibebe ak dlo oswa veso ki kontamine; oswa si lèt lan gate lè li rete twòp nan chalè.
- Anviwonman lakay sal akòz manke dlo, manke latrin, moun ap viv pil sou pil, elatriye.

Danje oswa konsekans ki gen nan Dyare

- Dyare souse likid nan kò moun, ki fè kò a vin dehydrate. Tibebe ak timoun ka dehydrate nan yon ti moman. Se yon maladi ki danjre anpil. Si yo pa trete touswit tibebe ak timoun ki dezidrate, yo ka mouri byen vit.
- Dyare kapab lakoz malnitrisyon paske li lakòz kò a sispann resevwa tout sa li bezwen ki gen nan manje ak likid.

Tretman Dezidratasyon

- Bay moun ki gen dyare Sewòm Oral ak lòt likid ki nitritif, tankou ji fwi fre, dlo diri, dlo pòm detè, dlo kokoye, oswa dlo banan bouyi.
- Timoun ki anba 5 an ki gen dyare dwe pran zenk (zinc) pandan 10–14 jou. Pou timoun ki gen mwens ke 1 an se ½ komprime pa jou. Pou timoun ki gen 1–4 an se 1 komprime pa jou.
- Bay moun ki gen dyare manje senp.
- Bay tibebe tete sèlman pandan 6 premye mwa yo olye nou ba yo lèt tibebe
- Anpil fwa remèd dyare pa mache epi gen de fwa yo konn danjere. Meyè tretman pou anpil ka dyare se Sewòm Oral, likid ak manje senp ki nitritif.



MENNEN TOUSWIT NAN SANT SANTE

- ☐ Nenpòt moun ki gen dyare ki grav (san oswa glè nan poupou, dyare ak lafyè ou vomisman).
- ☐ Tibebe pi piti pase 2 mwa ki gen nenpòt ki dyare, senp oswa grav.
- ☐ Nenpòt moun ki gen siy ak sentòm dezidratasyon grav oswa chòk.
- ☐ Nenpòt moun ki gen dyare ki pa refè aprè yo pran Sewòm Oral pandan 2 jou, sitou timoun.
- ☐ Nenpòt moun ki bay detanzantan poupou dlo twoub ki sanble ak dlo diri epi k ap vomi (sentòm kolera) – mennen l nan yon *Sant pou Tretman Kolera*.
- ☐ Tout timoun ki poupou dlo plizyè fwa nan 1 èdtan, se kapab kolera yo genyen.²

2. UNICEF, WHO, UNESCO, UNFPA, UNDP, UNAIDS, WFP and the World Bank, *Facts for Life*, 4th ed. (New York, NY: United Nations Children's Fund, 2010), 90-99 (hereafter cited as *Facts for Life*).

Prekosyon pou Dyare

- Lave men nou ak savon ak dlo pwòp lè nou fin pòupou, netwaye yon tibebe, pran swen yon moun ki gen dyare, epitou avan nou manje oswa prepare manje.
- Bay tibebe sèlman tete pou premye 6 mwa yo epi kontinye ba yo tete pou pi piti pandan 2 zan. Itilize dlo trete pou prepare manje oswa pou bwè.
- Itilize dlo trete pou bwè epi pou fè manje.
- Lave tout fwi ak legim avèk dlo trete avan nou manje yo.
- Kouvri manje yo pou mouch pa kontamine yo.
- Lave tout asyèt ak chodyè avèk dlo bouyi oswa trete.
- Boule oswa antere fatra byenn-lwen tout kote ki gen dlo.
- Itilize latrin pou prevni kontaminasyon dlo nan sous yo.

Wòl Ajan Kore Fanmi nan Kwayans ak Praktik Kominotè

Youn nan pi gwo wòl ou se pou anseye fanmi yo kouman pou yo pran prekosyon pou yo pa gen dyare. Ou dwe edike fanmi yo sou koz ak danje dyare, epi kouman pou trete li. Pou ka fè sa, li enpòtan pou konprann kisa moun nan kominote a deja konnen epi kwayans yo sou kòz ak tretman dyare. Li enpòtan pou kore tout bonjan lide moun nan kominote yo gengnen, epitou eksplike epi korije sa yo di ki pa korèk. Lè w fè sa epi ou bay yo konsèy pou yo pran prekosyon, w ap ede fanmi yo chwazi bonjan konpòtman kap diminye chans yo pou yo gen dyare.

Pandan w ap pale ak fanmi yo sou prekosyon ak tretman dyare, tou mande yo kèk kesyon pou w konnen:

- Kisa ki lakòz dyare?
- Ki danje dyare prezante?
- Kisa ou dwe fè si yon moun pran dyare?
- Ki prekosyon pou ou pran pou evite dyare?

Faktè Kominotè

Poukisa gen anpil ka dyare nan kèk kominote kote w ap travay yo? Ki kèk rezon ki fè pwoblèm lan ekziste? Pandan w ap travay ak fanmi yo, ou dwe bay rezon sa yo anpil enpòtans.


Kòm yon Ajan Kore Fanmi, ou paka fikse tout faktè ki fè gen maladi dyare nan kominote yo. Men ou kapab ede fanmi yo pale de faktè sa yo si ou ba yo bonjan enfòmasyon, aprann fanmi yo poukisa, kilè epi kouman pou yo lave men yo; epi refere yo nan sèvis sosyal.

Lave Men

Youn nan pi gwo responsablite w se pou ede fanmi yo pran prekosyon kont maladi ki bay dyare nan fason yo aprann epi pratike konpòtman ki pi korèk yo. Yon bonjan konpòtman ki enpòtan anpil se lave men. Lave men se youn nan fason ki pi efikas nan prekosyon pou anpeche pwopaje mikwòb ki bay dyare a.

Lè w ap edike fanmi yo sou koze lave men, ou dwe asire w yo konprann poukisa lave men enpòtan, kilè pou yo lave men yo, epitou kouman pou yo lave men yo.

Poukisa Lave Men Enpòtan^{3,4,5}



Lave men


3. *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures, Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), 2010, 57 (hereafter cited as *Lutte contre la Cholera*).*
4. *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control, Centers for Disease Control and Prevention, 2010, 17-18.*
5. *12 Jes Kont Kolera, Mesaj Prevansyon pou Lite kont Kolera, MSPP and World Health Organization, 2010, 6-11.*

Maladi Dyare


Lave Men se yon fason efikas pou prevni maladi dyare. Savon ak dlo ede retire mikwòb ki koze maladi dyare nan men moun. Men ki pa lave oswa ki pa byen lave kapab pase mikwòb ki bay dyare a nan manje, dlo, oswa lòt bagay nan kay la moun ka manje, bwè, oswa touche.

Kilè ki pi enpòtan pou Lave Men w


Toujou lave men w:




- **Avan ou manje epi avan ou bay yon timoun manje**




- **Avan ou prepare manje**




- **Avan ak aprè ou fin okipe tibebe oswa chanje kouchèt yo**




- **Après w ou sòti nan latrin, oswa ou fin ede yon timoun ki sòti nan latrin**




- **Après w ou fin manyen yon bagay ki te nan men yon lòt moun, tankou telefòn, lajan, elatriye.**




- **Aprè ou fin touche oswa okipe yon moun ki malad**




- **Lè ou antre lakay ou aprè ou sòt deyò kominote a**



- **Aprè ou fin pran kontak ak yon moun ki gen dyare oswa vomisman**



- **Aprè ou fin okipe bèt oswa pou pou ak pipi bèt**




- **Aprè ou fin ranmase oubyen jete fatra**




- **Avan ak aprè ou fin fè pansman yon blese/maleng**


Kouman pou Lave Men w?




1. Mouye men w anba tiyo a oswa mande yon moun pou vide dlo sou men w pandan w ap itilize savon.




2. Foubi tout dwèt ou ak anba zong yo.



3. Fwote do men yo.



4. Fwote pla men w yo ansanb (repete etap 2–4 pou pi piti 20 segond).



5. Rense men ou byen pou retire tout savon an.



6. Seche men ou byen avèk yon sèvyèt pwòp oswa sekwe men w epi kite yo seche.⁶

Si ou yon kote ki pa gen savon, ou dwe fwote men w ak sab oswa sann dife. Dlo sèlman pa ase pou lave men w byen.

^{6.} *Lutte contre la Cholera*, 57.

Kèk Keksyon pou fè w Reflechi

- Eske ou toujou lave men w fason sa a? Eske gen de lò ou pa fè tout etap yo? Poukisa?
- Eske ou panse fanmi w ap travay avèk yo a lave men yo kòrèkteman epi nan moman yo dwe lave l la? Poukisa wi oswa poukisa non?
- Kisa ou panse ki pi gwo pwoblèm sou zafè aprann moun nan kominote a poukisa, kilè, epi kouman pou yo lave men yo? Ki pwoblèm ou panse fanmi yo ka rankontre?
- Kouman ou panse ou kapab ede fanmi w ap travay avèk yo a pran kontwòl sou pwoblèm sa yo pou yo kapab lave men yo byen touttan?
- Pandan ou ap fè travay ou kòm yon Ajan Kore Fanmi, kilè ou dwe lave men w?

Dezidratasyon

Anpil moun ki gen dyare, sitou granmoun, geri nan detwa jou (eksepte moun ki gen kolera). Men gen kèk moun tou ki pa geri touswit, epi moun sa yo konn vin pèdi anpil dlo nan kò yo (dezidrate). Dyare danjre paske li ka koze dezidratasyon.

Dezidratasyon se lè twòp dlo sòti nan kò moun.

Dezidratasyon danjre paske li souse likid ak tout eleman nitritif nan kò a. Kò moun bezwen likid ak eleman nitritif pou li ka fonksyone. San likid, kò a paka kenbe.

Tibebe dezidrate menm si l pedi yon ti kras likid nan kò l. Dyare kapab tiye tibebe ak timoun rapid, li souse likid nan kò yo epi yo vin dezidrate. Kou dyare a fèt kòmanse, li enpòtan pou bay timoun lan plis likid touswit avèk manje nòmal.

Pi gran timoun ak granmoun ki malnouri oswa ki malad grav yo fasil pou yo dezidrate lè yo gen dyare, yo dwe ba yo plis likid touswit.

Ou dwe toujou bay yon moun ki gen dyare anpil likid. Menm si moun lan kontinye pèdi dlo akòz dyare a, ou ap ede l ranplase likid li pèdi a.

Tretman Dezidratasyon

Sewòm Oral

Pou trete dezidratasyon, yon moun dwe bwè likid pou ranplase likid li pèdi nan dyare a. Sewòm Oral se yon fason efikas pou trete dezidratasyon.


Menm si gen anpil likid yon moun kapab bwè pou evite dezidratasyon, pou timoun, Sewòm Oral la, sitou si li gen zenk ladan l, se meyè likid pou anpeche epi trete dezidratasyon. Non sèlman Sewòm Oral ranplase likid nan kò a, li ranplase tou tout eleman nitritif, kò a pèdi akòz dyare a epi li bezwen pou l geri a.

Pandan w ale vizite fanmi yo, ou pral aprann manman yo ak lòt moun nan fanmi an kouman pou yo prepare epi itilize Sewòm Oral.

Kouman pou prepare Sachè Sewòm Oral⁷



1. Lave men w avèk savon ak dlo trete.



2. Mete yon lit dlo trete nan yon po oubyen yon veso ak kouveti ou te deja lave ak klowòks

- 1 lit = 3 ti boutèy kola oswa 2 boutèy kola gran manjè

3. Ajoute 1 Sachè Sewòm Oral.


4. Kouvri boutèy lan epi sekwe l oswa itilize yon kiyè pwòp pou brase l.

7. *Lutte contre la Cholera*, 62.

Kouman pou prepare pwòp Sewòm Oral ak Resèt Lakay⁸



1. Lave men w avèk savon ak dlo pwop.



2. Mete yon lit dlo trete nan yon po oubyen yon veso ak kouvèti ou te deja lave ak klowòks.

- 1 lit = 3 ti boutèy kola oswa 2 boutèy kola gran manjè

3. Ajoute 3 ti kiyè sik nan dlo trete a.

4. Ajoute yon ½ ti kiyè sèl nan dlo trete a.

5. Kouvri boutèy lan epi sekwe l oswa itilize yon kiyè pwòp pou brase l.

8. *Lutte contre la Cholera*, 62.

Maladi Dyare

Nou mèt ajoute yon nan bagay sa yo:

- 1 priz bikabonat
- Pire mwatye yon sitron (Lave sitron an avèk dlo pwòp, koupe l avèk yon kouto pwòp, epi pire mwatye sitron an nan dlo a)

Pinga ajoute:

- Plis sèl oswa sik.
- Okenn lòt ji sikre oswa lòt bagay tankou siwo myèl, soda, oswa lèt.
- Ajoute youn nan bagay sa yo kapab fè dyare a oswa vomisman an vin pi mal.
- Twòp sik kapab fè dyare a vin pi mal. Twòp sèl kabap danjre anpil pou yon moun. Yon ti dlo anplis pa danjere.⁹

9. *Facts for Life*, 90-99.

Sewòm Oral pou timoun piti ki gen Dyare¹⁰

Gen moun ki panse si yon moun bwè anpil likid li fè dyare a vin pi mal. Se pa vre ditou. Yon timoun ki gen dyare dwe pran anpil likid, sitou tete, plizyè fwa nan yon jounen. Bwè anpil likid ede pou ranplase likid ki pèdi nan dyare a.




- Bay tibebe ki gen dyare tete anpil.




- Epitou bay plizyè kiyè sewòm oral.
- Tibebe ki poko gen 2 mwa epi ki gen nenpòt ki dyare, senp oswa grav, yo dwe mennen yo nan sant lan touswit.

10. *Facts for Life*, 90-99.



- Yon timoun anba 2 zan epi ki pa lan tete bezwen pou pi piti $\frac{1}{4}$ oswa $\frac{1}{2}$ gwo tas (250 ml) SO aprè chak fwa l poupou dlo.



- Yon timoun ki gen 2 zan ou plis bezwen pou pi pitit $\frac{1}{2}$ oswa 1 gwo tas (250 ml) Sewòm Oral aprè chak fwa l poupou dlo.
- Yon timoun ki malnouri anpil dwe pran SO ki prepare avèk sèlman $\frac{1}{2}$ kantite nòmal sèl ak sik.




- Si yon timoun vomi aprè li fin bwè Sewòm Oral lan, tan 10 minit avan ou bal bwè Sewòm Oral ankò.

Nouri Timoun ki gen Dyare¹¹

Yon timoun ki gen dyare pèdi pwa epi rapidman li ka vin fè malnitrisyon. Yon timoun ki gen dyare bezwen tout manje ak likid, epitou tete li ka pran.




- Bay timoun tete toutotan ou kapab.



- Ankouraje timoun ki gen 6 mwa ou plis pou yo manje souvan. Ba yo ti kantite manje mou, manje blende yo renmen. Manje sa yo dwe genyen yon ti sèl toupiti.

11. *Facts for Life*, 90-99.



- Manje ki rekòmande se sereyal ak pwa ki byen kraze epi melanje ansanm, pwason, vyann ki byen kwit, yogout, fig mi, epi tout lòt fwi (ajoute 1 oswa 2 kiyè luil nan sereyal la ak legim yo). Manje yo dwe prepare chak jou epi bay timoun lan manje 5 oswa 6 fwa nan yon jounen.
- Yon timoun poko fin geri anba dyare toutotan li pa rive peze menm pwa li te genyen avan l te malad la.
- Lè dyare a sispann, timoun lan bezwen plis manje pase avan l te malad la, plis tete, pou ede l ranplase tout enèji ak nitrisyon l pèdi pandan dyare a.


Trete Timoun pi gran ak Granmoun ki gen Dyare




- Bay moun ki gen dyare Sewòm Oral ti gout pa ti gout toutotan yo ka pran l (tanzantan). Itilize yon kiyè pou bay moun Sewòm Oral si yo twò malad pou bwè nan tas.



- Si moun nan vomi aprè l fin bwè Sewòm Oral, rete tann 10 minit avan w ba li Sewòm Oral ankò.
- Sewòm Oral pap koupe dyare a oswa vomisman an touswit, men li ap ede ranplase sèl ak dlo kò a pèdi pandan dyare ak vomisman an.




- Fè timoun nan bwe $\frac{1}{2}$ tas ji fwi fre pa sikre oswa dlo kokoye, oswa $\frac{1}{2}$ (mwatye) yon fig mi kraze. Fig mi an gen potasyòm, epi bon gou ji fwi fre a oswa dlo kokoye kapab ede timoun malad bwe.




- Anplis Sewòm Oral la, bay moun ki gen dyare senp lan manje blende ki pa gen anpil sik oswa grès. Fig mi an bon paske li gen potasyòm, epi li kapab ranplase potasyòm kò a pèdi pandan l dezidrate a.

Konsève Sewòm Oral



- Pou konsève Sewòm Oral la kenbe l kouvri epi pwòp.



- Si w gen Sewòm Oral ki rete aprè 1 jou (24 è) jete l epi prepare lòt.

Aprann Fanmi yo sou Sewòm Oral

Li enpòtan anpil pou aprann fanmi yo kouman pou prepare epi itilize Sewòm Oral la. Ou dwe ede fanmi yo jwenn veso pou yo mezire, fè demonstrasyon devan yo pou montre yo kouman pou yo prepare Sewòm Oral la, epi montre yo kijan li enpòtan pou yo itilize mezi ki kòrèk lè y ap prepare Sewòm Oral lakay yo. Lè w ap montre fanmi yo, konsidere:

- Kisa ki ta ka fè trete timoun ki gen dyare epi itilize Sewòm Oral difisil pou manb kominote a?
- Kouman w ta kapab rann li pi fasil pou manb kominote a itilize Sewòm Oral la korèkteman?

Lèt Bon Likid


Anplis Sewòm Oral la, ou kapab itilize kèk lòt likid. Gen kèk likid ki danjre pou yon moun ki gen dyare, paske yo lakoz dezidratasyon grav.

Likid ki ede	Likid ki danjre
Sewòm Oral ki prepare ak Sachè yo	Ji sikre oswa soda
Sewòm Oral ou fè lakay ou	Kafe
Lèt manman	Alkòl
Dlo ki bouyi ak diri, pòm detè, oswa bannann ladan l	Likid sa yo fè kò a pèdi anpil dlo paske yo fè moun pipi pi souvan oswa yo fè dyare a vin pi mal.
Sereyal melanje ak likid	
Dlo kokoye vèt	
Ji fwi fre	
Soup oswa lòt likid ak sèl	
Dlo pwòp ki sòti nan yon bon sous	


Ou dwe edike fanmi yo sou likid sa yo. Anpil paran kwè bay yon timoun ki gen dyare dlo ji sikre oswa soda ap ede timoun lan, men li kabap danjre anpil. Soda ak ji gen sik ladan yo ki lakoz timoun lan dezidrate pi vit.

Kafe ak alkòl lakoz dezidratasyon rapid tou paske yo fè moun pipi souvan. Moun ki gen dyare pa dwe bwè kafe oswa alkòl.

Kolera



- Komanse bay Sewòm Oral depi sou premye siy yo: yon moun ap poupou dri-dri, dyare a tankou dlo diri, epi vomisman (se prensipal sentòm kolera).



- Ede yon moun ak kolera ale nan yon Sant Tretman Kolera.



- Fè moun nan kontinye ap bwè Sewòm Oral sou tout wout la pandan li pral lan sant tretman kolera a.



- Tibebe kapab bwè Sewòm Oral la si yo gen kolera.



- Yon manman dwe kontinye bay timoun li tete trè souvan si timoun lan gen kolera.
- Si yon moun dezidrate jous li pèdi konesans, oswa si yon moun ap vomi epi li pa kapab bwè Sewòm Oral la, mennen moun sa a touswit nan Sant Tretman Kolera a.

Evalyasyon pou Dezidratasyon ak chòk

Evalyasyon yon Timoun ki Gen Dezidratasyon Grav



1. Mande manman an si timoun lan te pran tete (oswa lèt bebe) nòmalman.



2. Mande manman an si timoun lan pipi nòmalman oswa yon tikras.
Mande si pipi a gen yon koulè jonn pi fonse pase nòmal.



3. Tcheke pou wè si bouch epi lang timoun lan sèch.



4. Tcheke pou wè si je timoun nan rantre. Eske je timoun lan fè dlo lè li ap kriye?




5. Tcheke si po timoun lan fè pli nan zòn kou li, bra li epi janb li.



6. Touche po timoun lan pou wè si li frèt oswa mouye. Siy sa yo se siy chòk. Tcheke pou wè si timoun lan ap respire rapid.



7. Penche po lestomak timoun lan oswa janb li.



Si po a rete plise aprè ou lage l, se yon siy dezidratasyon.




8. Tcheke pou wè si timoun lan ap respire dri-dri.



9. Pou tibebe ki fèk fèt jiska 6 mwa, gade nan mitan fontenn tèt li. Si pati ki mou (fontenn) an sanble li rantre, se yon siy dezidratasyon.

Chòk



Lè yon moun ki gen plis pase 5 lane dezidrate gravman, w ap wè anpil nan menm sentòm ou wè kay timoun yo. Je moun lan kapab rantre epi po li kapab plise oswa li rete plise lè w penchen l.

Yon moun ki gravman dezidrate dèfwa konn vin tonbe an chòk. Chòk se lè kantite san nan kò moun lan diminye epi pa gen ase oksijèn pou kò a fonksyone. Kò a eseye fikse kondisyon an. Li fè batman kè a ak respirasyon an fèt pi rapid.

Li enpòtan pou rekonèt siy ki asosye ak chòk:

- Po moun lan frèt, pal, epi l mouye.
- Moun lan fèb epi li kapab dezoryante oswa san konesans.

Si yon moun montre siy chòk, mande li pou li kouche. Mete yon zorye, yon gwo lenn, oswa yon ban an bwa anba pye l pou pye l ka vin pi wo pase tèt li. Aksyon sa a voye san desann lan tèt la, kote li nesesè. Aprè w fin fè sa, mennen moun lan touswit nan sant sante a.

Siy dezidratasyon lejè:

Je fon, je sèch, bouch sèch, swaf, bwè anpil, ajite, kriye anpil

Siy dezidratasyon grav:

pa ka bwè, je antre nan twou, je sèch, bouch sèch anpil, lang sèch anpil, pèdi konesans, rechinya/pa jwe, kò lage/pò plise

Fè Edikasyon kominote a sou Dyare ak Dezydratasyon

Youn nan aspè enpòtan nan travay ou se pou ede fanmi yo prevni maladi, epitou trete l kòrèkteman si l parèt. Nan sans sa a ou ede fanmi yo viv ak diyite epi kenbe yo ansante.

Youn nan fason ki pi enpòtan pou ede fanmi yo prevni maladi se ede yo aprann konpòtman ki pi korèk yo tankou lave men, epitou pou yo kontinye pratike yo pandan lontan. Pou kapab fè sa, ou dwe itilize prensip ak pratik chanjman konpòtman. Sa vle di ou dwe apran idantifye nan ki etap moun yo ye nan chanjman an, ede moun yo idantifye ki pi bon chwa yo ka fè pou sitiyasyon pa yo a, epi negosye avèk yo pou konpòtman ki bon an. Pandan w ap fè sa, ou dwe toujou itilize bon jan fason pou kominike avèk yo.



LIS TOUT SA POU FÈ POU YON BON JAN MWAYEN POU PALE

- ☐ Chache konnen reyalite moun yo, epitou montre ou onèt.
- ☐ Montre respè pou moun yo.
- ☐ Esplike bagay yo aklè epi dousman.
- ☐ Sèvi ak mo senp sa vle di mo fanmi yo kabab konprann.
- ☐ Poze kesyon pou asire moun yo konprann.
- ☐ Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale), epi ankouraje de moun pale ansanm.
- ☐ Aprann epi rekonèt reyalite ak pwoblèm moun yo.
- ☐ Ankouraje moun yo fè konnen eksperyans ak opinyon yo, epi reyaji sou yo.
- ☐ Koute avèk anpil atansyon sa moun yo ap di a, epitou montre ou konprann.
- ☐ Obsève ekspresyon ak langaj kòporèl moun yo pou wè kijan wap pale avèk yo.
- ☐ Montre ou gen konesans teknik (sou manje, vaksinasyon, sante manman, elatriye).
- ☐ Ranje sa wap di a nan sitiyasyon ak reyalite moun nan.
- ☐ Pa bougonnen, pa pale anpil, oswa pa enpozew sou moun yo.
- ☐ Aji kòm yon resous, men pa kòm yon otorite.
- ☐ Montre ou respekte kilti moun yo.
- ☐ Montre ou onèt sou sa ou kapab fè ak sa ou pa kapab fè.
- ☐ Gade moun nan nan je.
- ☐ Sekwe tèt ou pou montre wap koute.
- ☐ Bay moun nan tan li bezwen poul pale.
- ☐ Bay moun nan tan pou poze kesyon.
- ☐ Repete pwen ki enpòtan nan sa moun nan di yo oswa fè moun nan repete yo.



LIS TOUT SA POU FÈ POU YON BON JAN MWAYEN POU PALE

Swit

- ☐ Fè moun nan konpliman lè li di yon bagay ki korèk.
- ☐ Mete moun nan alèz avek bonjan akèy.
- ☐ Reitre baryè kominikasyon (pa montre twop emosyon, elatriye).
- ☐ Sèvi ak imaj, desen, echantiyon pou bay eksplikasyon.
- ☐ Fè demonstrasyon.
- ☐ Korije moun nan si li ba yon enfomasyon ki pa korèk oswa ki pa konple.
- ☐ Mande moun nan eksplike sa li konprann.



LIS TOUT SA POU FÈ POU MONTRE RESPÈ

- ☐ Chache bon jan okazyon pou ou vin konnen chak manm fanmi an apa, epitou pou yo vin konnen w tou. Aprann non tout manm fanmi an, epi toujou site non yo lè wap pale ak yo.
- ☐ Gade moun yo nan zye lè wap pale avèk yo.
- ☐ Pale avèk chak moun apa (pa sèlman nan gwo gwoup).
- ☐ Ankouraje moun yo pale.
- ☐ Koute lide moun yo, epi fè yo dekouvri pwòp reyalite yo.
- ☐ Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale) pou ou kapab aprann epi konnen sitiyasyon ak reyalite chak fanmi pi byen.
- ☐ Kite moun yo poze kesyon, epi reponn kesyon yo dapre tout sa ou konnen. Si ou pa konnen repons pou yon kesyon, di ou pa konnen, men wap chèche konnen repons lan.
- ☐ Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale) sou sa moun yo konnen deja ki gen rapò ak sijè wap pale a.
- ☐ Ankouraje moun yo aprann enfòmasyon tounèf sou sijè wap pale a. Pou fè sa, mete ti enfòmasyon tounèf nan sa moun nan konnen deja.
- ☐ Felisite moun nan sou sa li konnen sou sijè a epi pou fason li pratike.
- ☐ Aprann reyalite chak fanmi, epi rekonèt difikilte ak pwoblèm reyalite a.



TEKNIK POU KOUTE

1. Koute San Bay Repons

- Moun kap koute sèvi sèlman ak kominikasyon san pale (kontak nan zye, souke tèt li), ak repons kout (u huh, wi, ummm) pou montre enterè li, epitou pou ankouraje moun k ap pale a kontinye pale.
- Teknik sa a ankouraje moun kap pale a pale san pwoblèm ak eksprime lide li yo.

2. Poze Kesyon pou Esplikasyon

- Moun kap koute a poze moun kap pale a kesyon espesyal pou li kapab esplike sa moun kap pale a ap di.
- Teknik sa a ede moun kap koute a jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon an pou l kapab konprann moun kap pale a pi byen. Sa ede moun kap pale a konsidere tout aspè sitiyasyon an oswa sijè a lè li reponn kesyon ki asosye avèk lide li yo. Teknik sa a kapab ede moun kap pale a ak moun kap koute a evalye lòt sitiyasyon ak solisyon posib yo.

3. Refomile Lide yo

- Moun kap koute a repete avèk pwòp mo pa li, sa li te konprann moun ki tap pale a te di.
- Teknik sa a ede moun ki tap koute a asire li te konprann sa moun ki tap pale a te di. Sa pèmèt moun ki tap pale a tou esplike nenpòt bagay moun kap koute a pa t konprann, paske li kapab tandè lide yo repete sou fòm rezime.



PRENSIP POU BAY KONSÈY

Kenbe sekre: Toulède moun yo dakò yo pap pale enfòmasyon yo diskite sou yo a ak okenn lòt moun ki nan kominote a.

San Patipri: Ajan Kore Fanmi la pa ta dwe kite valè pèsònèl li oswa konviksyon pèsònèl li parèt, epitou li pa ta dwe jije yon konpòtman oswa opinyon ki diferan.

Konsiderasyon: Ajan Kore Fanmi la ta dwe eseye konprann opinyon moun nan avèk objektivite san li pa montre pitye oswa san li pa kriye pou sitiyasyon moun nan.

Onètete: Ajan Kore Fanmi la ta dwe toujou di laverite ak bay enfòmasyon konplè.

Respè pou Chwa Malad la: Ajan Kore Fanmi la pa ta dwe senpleman bay konsèy oswa fè chwa pou moun nan; olye sa, li ta dwe devlope bon jan fason pou moun nan pou fè chwa ki kòrèk yo pou tèt li.

Bon Kominikasyon: Ajan Kore Fanmi la dwe montre respèk, aprann sou reyalite fanmi yo, koute byen, poze keksyon ouvè (ki ankouraje plis paròl), e ankouraje dyalòg.



ETAP CHANJMAN

1. **Pa konnen** – moun nan pa menm konnen konpòtman an.
2. **Konnen** – Moun nan konnen konpòtman an, men li poko pratike li; menmsi li ka anvizaje li.
3. **Vle/Dakò** – Moun nan vin konnen konpòtman an, epi li anvizaje pratike konpòtman an; moun nan ka pran yon desizyon, li ka planifye fason pou fè sa, epitou moun nan ka gen bagay li bezwen pare li ka kòmanse pratik la.
4. **Fè** – Moun nan te kòmanse pratike konpòtman an.
5. **Temwaye** – Moun nan kontinye pratike konpòtman an pandan lontan.



ETAP CHANJMAN KONPÒTMAN NEGOSYE

Premye Kontak

1. Evalue sitiyasyon moun nan pandan vizit nan kay la. Pou fè sa, obsève epi pale ouvè ki gen rapò ak sa moun nan ap pratike nan moman an. Chèche konnen nan ki etap chanjman moun nan ye.
2. Idantifye konpòtman ki pi bon moun nan bezwen adopte pou li ka an sante (oswa pou timoun nan ka an sante).
3. Bay lòt enfòmasyon sou konpòtman ki pi bon l (avantaj li yo, danje pou pa pratike li, jan pou jwenn sèvis, elatriye) moun nan bezwen.
4. Pwopoze konpòtman ki pi bon yo, epi mande si moun nan vle eseye li.

Dezyèm Kontak (lòt vizit)

1. Chèche konnen kijan moun nan ap kontwòle tèt li avèk konpòtman pi bon ki tounèf la.
2. Si li gen difikilte avèk konpòtman tounèf la, paleavèk li.
3. Idantifye difikilte li genyen yo.
4. Ede li jwenn solisyon pou abòde difikilte yo.
5. Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè ki abòde difikilte yo, menmsi se pa konpòtman ki pi bon yo.
6. Si li te adopte konpòtman tounèf la, felisite li, epi fè lwanj pou li.
7. Fè yon rekòmandasyon tounèf selon bezwen moun nan (oswa selon laj timoun nan).



LIS POU EDE AK DYARE

- ☐ Aprann fanmi yo poukisa, kouman, epi kilè pou yo lave men yo pou anpeche yo pwopaje mikwòb ki bay dyare a. Pale ak manman yo epi lòt manb fanmi a pou yo adopte epi kenbe abitud sa a.
- ☐ Aprann fanmi yo prevni dyare nan bwè ak kwit manje ak dlo ki pwòp, itilize latrin pou evite kontamine sous dlo yo, epitou bay timoun tete sèlman. Pale ak manman yo ak lòt manb fanmi yo pou ede yo adopte epi kenbe abitud sa yo.
- ☐ Aprann manman tibebe ak timoun piti yo, epi lòt manb fanmi a, pou yo trete dyare ak dezidratasyon avèk Sewòm Oral ki gen zenk, ki nan Sachè a oswa sa ou prepare lakay ou a menm moman dyare a kòmanse. Pale ak manman yo, moun k ap pran swen moun yo, epi lòt manb fanmi an pou ede yo adopte epi kenbe abitud sa a.
- ☐ Aprann manman tibebe ak timoun piti, epi lòt manb fanmi a, pou yo rekonèt kilè pou yo mennen yon moun ki gen dyare nan sant sante touswit: nenpòt moun ki gen dyare grav, dezidratasyon grav, sentòm kolera, oswa dyare ki vin pi mal aprè 2 jou tretman avèk Sewòm Oral.
- ☐ Pandan vizit lakay yo, mande manman an oswa moun k ap pran swen moun lan si gen yon timoun nan kay la ki te gen dyare. Si se wi, mande si timoun lan te gen san oswa glè nan poupou l, vomisman oswa lafyèv, oswa dyare ki pa amelyore oswa ki vin pi mal aprè 2 jou malgre tretman ak Sewòm Oral la.
- ☐ Si yon timoun gen dyare, tcheke pou siy dezidratasyon grav ak chòk.
- ☐ Mennen touswit nan sant sante a tout timoun ak granmoun ki gen dyare grav, bay siy dezidratasyon grav oswa chòk, epitou dyare ki vin pi mal aprè 2 jou tretman avèk Sewòm Oral.
- ☐ Mennen tout tibebe ki pankò gen 2 mwa ki gen nenpòt ki ka dyare (senp oswa grav) touswit nan sant sante a.



LIS POU EDE AK DYARE

Swit

- ☐ Fè yon lòt vizit nan 1 jou nan nenpòt kay kote ki gen yon timoun ak dyare. Pandan visit sa a, tcheke timoun lan, mande manman an oswa moun k ap pran swen timoun lan sou konpòtman li t ap pratike (Sewòm Oral, lave men, itilize dlo pwòp), negosye epi ede yo toujou si yo gen bezwen.
- ☐ Distribye sachè Sewòm Oral epi ajoute zenk ladan l.
- ☐ Mennen tout moun ki gen sentòm kolera (dyare dri-dri tankou dlo diri ak vomisman; pou tibebe, ki bay plizyè pou pou nan 1 è detan) Mennen yo touswit nan sant tretman kolera ki pi pre a. Ba yo bwè Sewòm Oral sou tout wout la.



KESYON SOU SEWÒM ORAL

1. Eske bwè likid fè dyare a vin pi mal?

2. Si yon tibebe anba 2 mwa gen dyare, kisa pou manman an oswa moun k ap pran swen li an fè?

3. Si yon bebe gen plis pase 2 mwa epi li gen dyare, kisa pou manman an oswa moun k ap pran swen li an fè?

4. Ki kantite Sewòm Oral ou dwe bay yon timoun anba 2 zan?

5. Ki kantite Sewòm Oral ou dwe bay yon timoun ki gen plis pase 2 zan?

6. Kisa pou bay yon timoun ki gen dyare manje? Konbyen fwa?

7. Kilè yon timoun ki te gen dyare geri toutbon?

8. Konbyen fwa ou dwe bay yon gran timoun oswa yon granmoun Sewòm Oral?



KESYON SOU SEWÒM ORAL

Swit

9. Kisa pou fè si yon moun vomi aprè li fin bwè Sewòm Oral lan?

10. Eske Sewòm Oral ap sispann dyare a oswa vomisman an touswit?

11. Eske yon gran timoun oswa yon granmoun ki gen dyare dwe manje oswa pa manje? Si se wi, ki kalite manje?

12. Kisa ki sentòm prensipal kolera?

13. Kisa ou dwe fè si yon timoun oswa yon granmoun gen sentòm kolera?

14. Ki kote ou dwe mennen yon moun ki gen sentòm kolera?

15. Kisa pou manman oswa moun k ap pran swen timoun ki gen kolera a fè?

16. Si yon timoun oswa yon granmoun pèdi konnesans akòz dezidratasyon, oswa l ap vomi, li pakab bwè Sewòm Oral, kisa pou fè?



KESYON SOU SEWÒM ORAL

Swit

17. Kijan pou konsève Sewòm Oral la?

18. Konbyen tan ou ka kenbe Sewòm Oral la avan li gate?


19. Kisa pou fè avè Sewòm Oral ki gen plis pase 24 èdtan?

Evalye jenn Timoun ki gen Dezidratation Grav

1.



2.



3.



4.




5.



6.



7.



8.



9.





PYÈS TEYAT SOU MALADI DYARE

PYÈS TEYAT 1

Ou ale vizite Clementine, yon manman ki gen 3 jenn timoun. Lè w rive, ou wè Clementine k ap sòti nan latrin. Li salye epi li di li kapab pale avèk ou pandan l ap bay Eliane, pi piti timoun li an manje. Clementine ak Eliane chita pou manje, epi Clementine bay Eliane manje ak men li. Ou wè Clementine pat lave men l avan li bay Eliane manje, malgre ou te pale avèk li mwa pase a sou rezon, kouman, epi kilè pou l lave men li kòrèkteman.

Kisa ou dwe di epi fè?

PYÈS TEYAT 2

Ou ale vizite Magali, yon jenn manman ki gen yon pitit fi 6 mwa ki rele Esperance. Magali di w Esperance gen 2 jou ak dyare. Ou sispèk li ap bay Esperance tete epitou lèt bebe. Kòm ou konnen pa gen okenn sous dlo pwòp nan bouk la, ou sispèk dlo Magali itilize pou prepare lèt la se sa ki lakoz dyare a. Pandan ou te vizite Magali mwa pase a, ou te pale l sou enpòtans itilize dlo pwòp pou prepare lèt bebe a.

Kisa ou dwe di epi fè?

PYÈS TEYAT 3

Pandan ou ale vizite yon fanmi, Ou reyalize kay la pa genyen savon pou lave men. Nan dènye vizit ou te fè nan kay la, ou te pale ak fanmi an sou enpòtans lave men ak savon epi dlo pwòp, epitou yo te dakò pou yo kenbe abitud la.

Kisa ou dwe di epi fè?



PYÈS TEYAT SOU MALADI DYARE

Swit

PYÈS TEYAT 4

Nan yon sesyon pòs rasanbleman sou devlopman timoun, ou reyalize Edi pitit gason Celestine lan pèdi pwa pandan 2 mwa suivi-suivi. Li toujou nan pozisyon “ansante” nan tablo a, men ou konnen se pa yon bon siy. Ou deside ale fè you vizit lan kay la.

Pandan vizit lakay la a, ou pale ak Celestine epi ou dekouvri Edi gen plizyè epizòd dyare nan dènye 6 semenn ki sot pase a, epitou li genyen dyare kounye a. Celestine fè w konnen fwa sa a dyare a diferan de lòt fwa yo, li gen glè ladan l. Ou rekòmande li mennen Edi touswit nan sant santé a, men manman an ezite.

Kisa ou dwe di epi fè?

PYÈS TEYAT 5

Depi kèk jou, Rene ki gen 1 an te kòmanse gen dyare senp epi ou te montre manman li Marie kouman pou li ba li Sewòm Oral. Ou fè yon pase kay Marie pou wè kouman bagay yo ap mache epi ou dekouvri Marie pa bay Rene ase Sewòm Oral. Chak jou genyen Sewòm Oral ki rete epi Marie sere l pou l itilize nan demen. Ou ekzamine Rene epi li sanble li dezidrate.

Kisa ou dwe di epi fè?

PYÈS TEYAT 6

Janet gen 6 semenn. Manman li, Anita, genyen VIH epi li bay Janet lèt bebe pou anpeche li pase maladi VIH la bay pitit la nan tete. Malgre ou te avize Anita pou li itilize dlo pwòp bouyi pou li prepare lèt bebe a, lè ou rive, Anita di w Janet gen dyare.

Kisa ou dwe di epi fè?



PYÈS TEYAT SOU MALADI DYARE

Swit

PYÈS TEYAT 7

Lafami Celestin genyen 5 timoun epi 3 ladan yo malnouri. Timoun yo gen dyare souvan. Ou vizite yo plizyè fwa epi fanmi an te kòmanse pratik pou yo lave men yo regilyèman epi korèkteman epitou manman an itilize Sewòm Oral regilyèman epi korèkteman pou evite dezidratasyon. Dyare a toujou senp. Fanmi an pa genyen latrin epitou yo menn ak tout vwazen yo pou pou nan lakou jis dèyè kay la, ki pa lwen ak kote yo pran dlo pou yo bwè a.

Kisa ou dwe di epi fè? Eske yon aksyon kominotè nesèsè ? Si wi, ki aksyon?

PYÈS TEYAT 8

Maya, bebe Asefu a, genyen 7 mwa epi li genyen dyare senp. Ou te montre Asefu kouman pou li prepare sachè Sewòm Oral la. Ou retounen pou yon lòt vizit 2 jou aprè epi ou jwenn Asefu pa gen sachè Sewòm Oral yo ankò epitou li pa bay Maya okenn lòt likid. Lè w pale avèk li, Asefu fè w konnen avèk yon timoun malad epi lòt timoun li yo pou li okipe, li pa gen tan pou prepare dlo pou fè Sewòm Oral, li pa gen tan pou ale chache sachè Sewòm Oral, nitou pou l ale chache engredyan pou li ta fè Sewòm Oral lan lakay li, oswa jwenn yon kiyè pou mezire. Asefu mande w si li vrèman nesèsè pou li bay Maya Sewòm Oral, paske li sanble li difisil pou prepare. Li sanble li fatige epitou bagay yo twòp pou li.

Kisa ou dwe di epi fè?

PYÈS TEYAT 9

Bebe Idylle la, Josef, genyen 9 mwa. Li genyen dyare senp depi 3 jou epitou Idylle ap prepare Sewòm Oral jan ou te montre li a. Magre sa, lè w ale vizite l bebe a sanble li fatige epi li endiferan, eptoui Idylle di w li panse dyare a vin pi mal.

Kisa ou dwe di epi fè?



PYÈS TEYAT SOU MALADI DYARE

Swit

PYÈS TEYAT 10

Ou ale vizite lafami Almazor epi ou jwenn pitit fi yo, Elise, ki gen 10 zan ak yon gwo dyare ak vomisman ki kòmanse depi detwa èdtan. Manman li, Antoinette, di w dyare a yon jan etranj; li sanble dlo diri. Li pè pou pitit fi li a.

Kisa ou dwe di epi fè?



NÒT

[illegible]



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.